



Pati 2: Leson 12

Fè bon tè a travay: Eprèv ki teste lafwa w

Tè ki donnen anpil: Kòmanse yon lavi tounèf ak Jezi



Tout moun renmen jou solèy. Solèy la ba nou limyè ak chalè, epi li ede plant grandi. Se pa tout kote sou late solèy la klere chak jou. Gen lòt kote lapli ra anpil. Kote sa yo rele dezè. Lavi pa fasil ditou la. Pifò plant, bèt ak moun pa ka viv nan klima sa yo. Nou bezwen lapli pou plant yo grandi, pou yo pa mouri. Men, tanpèt konn vini pafwa, li pote twòp lapli. Gwo dezas tankou Lavalas ak siklòn kapab detwi byen ak lavi moun. Genyen anpil tanpèt ki frape Ayiti pandan tout ane ki pase yo.

Labib di nou Bondye *fè solèy li leve ni sou moun mechan, ni sou bon moun. E, li voye lapli ni sou moun jis, ni sou moun ki pa jis* (Matye 5:45).

Sa se yon bagay ki enpòtan, se yon verité inivèsèl —w ap rankontre tanpèt nan lavi w kanmenm. W ap rankontre tout kalte eprèv ak tantasyon nan lavi w. Bagay sa yo ap teste lafwa w. Genyen plizyè fason nou viv eksperyans tès sa a, e an memm tan chak tès ka difisil nan nivo pa yo, youn pi di pase lòt. Kèk nan soufrans nou yo kapab fizik, tankou maladi, blese, osnon grangou. Genyen lòt problèm ki gen rapò ak relasyon, tankou fonksyone ak moun ki difisil osnon lè yon moun trete w yon fason ki pa jis, lè li kriyèl avèk ou. Genyen lòt traka tou ki gen rapò ak emosyon oswa lavi espirityèl ou. Traka sa yo anpil fwa se bagay ki pèsonèl anpil, sa ki konsène lavi prive w. Genyen kèk sitiaysyon difisil ki sòti nan aksidan moun pa ka prevwa,

epoutan genyen lòt ki se konsekans move desizyon. Genyen de moman kote laperèz, tristès, chagren, lavi solitè ak kè sere pral tante w pou fè w dezobeyi Bondye oswa fè w kite Levanjil.

Pawòl Bondye avèti nou : “*Byenneme mwen yo, pa panse sa dwòl dèske eprèv vin sou nou tankou yon dife ki nan mitan nou. Pa pran sa kòmsi se te yon bagay dwòl k ap rive nou*” (1 Pyè 4:12).

Lè Labib repete mo "eprèv" la, li vle pale konsènan plizyè kalte eprèv ak tantasyon nou ka rankontre. **Levanjil Kris la pa genyen kache pou soufrans, difikilte, malè. Menm lè pwoblèm vini, ou pa janm pou kont ou. Ou kapab aprann dekouvri nan Bondye sous fòs ou, sous rekonfò w ak sa ou vize pou ou reyalize. Ou mèt gen konfyans, Bondye ap ede w fè faskare ak konba w yo, pou w rete djanm, epi lap louvri yon pòt delivrans pou ou.**

PLAN POU OU GRANDI



Nan lesyon sa, ou pral aprann :

- 1) Bondye avè w lè ou nan tantasyon
- 2) Bondye ap ede w genyen viktwa nan tantasyon an
- 3) Bondye genyen yon pi gran objektif pou ou nan tantasyon an



Avan ou ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye ede w konprann Pawòl li, ede w mache nan prezans li, pou w ka tounen moun li vle ou ye a.

ISTWA TANTASYON AK SOUFRANS JEZI YO



Eske sa t ap fè w etone si ou ta konnen Bondye konprann eprèv ak tantasyon w yo ? Li konprann yo paske Li te viv yo nan tout dimansyon. Djab la te tante L, Li te soufri anba kou, yo te bimen L jouk yo te touye L. Li istwa sa yo konsènan eprèv Jezi a :

Tantasyon Jezi

Lè Jezi tounen sot nan Jouden an, Lespri Sen an te ranpli li. E, se Lespri a ki t ap dirije li nan dezè a. Pandan karant jou, djab la t ap tante li. Li pa t manje anyen pandan jou sa yo. Men, lè jou sa yo te fin pase, li te grangou.

Epi, djab la di li: Si ou se Ptit Bondye, di wòch sa a tounen pen.

Men, Jezi reponn li, li di: Men sa ki ekri: Se pa ak pen sèlman pou moun viv, Men, se ak chak pawòl Bondye di.

Epi, djab la mennen l sou yon mòn byen wo. Nan yon ti moman, li montre Jezi tout wayòm nan lemonn antye. Epi, djab la di li: Map ba ou pouvuwa sou yo tout ansanm ak glwa ki nan yo. Paske, se mwen yo te bay yo, e mwen ka bay moun mwen vle yo. Donk, ou menm, si w adore mwen, yo tout pou ou.

Jezi reponn li, li di: Retire w sou mwen, Satan! Men sa ki ekri: Se Senyè a, Bondye ou, pou w adore. E, se li sèl pou w sèvi.

Epi, djab la mennen Jezi Jerizalèm, li mete l sou tèt tanp lan, epi li di li: Si ou se Ptit Bondye, rete isit la, lage kò w anba. Paske, men sa ki ekri: Li va pase zanj li yo lòd poutèt ou, Pou yo ka pwoteje ou. Epi ankò: Yo va pote w nan men, Dekwa pou pye w pa bite sou yon wòch.

Jezi reponn, li di li: Pawòl la di: "Ou pa dwe tante Senyè a, Bondye ou."

Lè djab la fin tante Jezi tout jan, li kite l pou jis yon lòt okazyon (Lik 4:1-13).

Yo pase Jezi nan betiz, yo bat Li

Konsa, sòlda gouvènè a eskòte Jezi nan palè gouvènè a, epi tout rejiman an reyini toutotou Jezi. Yo dezabiye li, epi yo mete yon rad wouj vyolèt sou li. Yo trese yon kouwòn pikan met sou tèt li. Yo mete yon wozo nan men dwat li. Epi, yo ajenou devan li pou yo pase l nan betiz. Yo di: Viv wa Jwif yo! Yo krache sou li. Yo pran wozo a, yo frape l sou tèt li. Lè yo fin pase l nan betiz, yo retire rad la sou li, yo abiye l ak pwòp rad li, epi yo mennen l pou yo krisifye l (Matye 27:27-31).

Yo krisifye Jezi

Pandan yo t ap mennen Jezi ale, yo pran Simon, yon moun Sirèn. Li t ap vin sot andeyò. Yo chaje kwa a sou li pou li pote l dèyè Jezi. Yon gwo foul moun ak yon bann medam t ap suiv Jezi. Medam yo t ap frape lestomak yo, epi yo t ap rele pou li. Men, Jezi vire. Li di yo: Ptit fi Jerizalèm yo, pa kriye pou muwen! Okontrè, kriye pou tèt nou epi pou ptit nou yo...

Yo te mennen de lòt moun pou yo tiye yo ansanm avèk Jezi tou; se te de malfektè. Lè yo rive kote yo rele Zotèt la, se la yo krisifye Jezi, li menm ansanm ak malfektè yo: youn adwat, lòt la

agoch. Men, Jezi di: Papa, padone yo, paske yo pa konnen sa y ap fè. Yo fè tirajosò, yo separe rad li.

Pèp la, li menm, te kanpe ap gade. E chèf yo te ansanm avèk yo tou nan pase Jezi nan rizib. Yo t ap di: Si se li ki Kris la, sila Bondye chwazi a, kòm li sove lòt yo, se pou l sove tèt li tou.



Sòlda yo t ap pase l nan betiz tou. Yo pwoche, yo ofri li vinèg, epi yo di: Si ou se wa Jwif yo, sove tèt ou!

Pi wo tèt li, yo te ekri yon pankat tou. Mo yo te ni an Grèk, ni an Laten, ni ann Ebre: Sila a se wa Jwif yo.

Youn nan malfektè ki te pandye yo t ap denigre Jezi, li t ap di: Si ou se Kris la, sove tèt ou, epi sove nou!

Men, lòt la reponn, li fè misye obsèvasyon. Li di: Menm krentif ou pa genyen pou Bondye, ou menm ki anba menm kondanasyon an! Pou nou menm, se jistis! Vrèmanvre, nou resevwa sa zak nou yo merite. Men, li menm, li pa fè anyen ki mal!

Epi, li di Jezi: Senyè, lè ou vini nan wayòm ou an, sonje m. Jezi di li: Franchman, m ap di ou sa: Jodi a, w ap avèk mwen nan Paradi! (Lik 23:26-28, 32-43).



Lanmò Jezi

Li te vè sisyèm è a konsa. Epi, vin gen fènwa sou tout peyi a jis nan nevyèm è a. Solèy la kache. Rido tanp lan fann nan mitan. Epi, Jezi rele byen fò, li di: Papa, mwen remèt lespri mwen nan men ou! Lè l fin di bagay sa yo, li rann dènye souf li.

Lè santenyè a wè sa ki te rive a, li bay Bondye glwa, li di: Reyèlman vre, misye te yon nonm ki jis. Tout foul moun ki te vin asiste espektak sa a wè sa ki pase a. Tout pandan yo t ap The centurion, seeing what had happened, praised God and said, "Surely this was a righteous man." When all the people who had gathered to witness this sight saw what took place, they beat their breasts and went away (Lik 23:44-48).

Kesyon ki mande reflechi



Pou kont ou, pran yon ti tan pou ou reflechi sou kesyon sa yo. Ekri pwòp repons pa w pou chak kesyon nan espas yo ba ou a. Si w ap etidye nan yon gwooup, diskite sou repons ou yo ak lòt moun yo.

Kòman djab la te tante Jezi ?

- 1)
- 2)
- 3)

Kòman Jezi te fè pou L reziste devan tantasyon sa yo ?

Lè ou gade pi pre nan istwa lanmò Jezi a, kòman ou wè li te soufri nan kò fizik li ? Kòman L te soufri nan fason emosyonèl ak espirityèl ?

Poukisa ou panse Jezi te pase mizè tantasyon ak soufrans sa yo ?

Nou menm ki se kretyen, nou rankontre eprèv ak tantasyon sou wout nou, e nou rive konbat yo nan fason ki pa menm ak jan lemonn fè sa. Nou pa konprann soufrans menm jan ak moun ki pa kwè nan Kris yo, yo reyaji yon fason ki depaman nèt ak nou. **Ou kapab genyen asirans ou pa pou kont ou, Bondye avèk ou, e Lap ede w.** Pawòl Bondye fè nou pwomès sa :

Menm lè m ap mache nan vale lonbraj lanmò, Mwen pa pè anyen mal, paske ou avèk mwen. Baton ou ak gòl ou, se yo ki asire m (Sòm 23:4).

Se Bondye menm ki di: Mwen p ap janm lage w, Mwen p ap janm kite w nonplis. Konsa, nou pran kouraj pou nou di: Se Senyè a k ap ede m, Mwen pa pè anyen. Kisa lèzòm ka fè m? (Ebre 13:5-6).

Alafen, **se nou menm k ap gen laviktwa. . . nou p ap pèdi batay!** Lè Jezi te resisie Li te kraze lanmò e L te genyen batay la. *Men, remèsiman pou Bondye, li menm ki ban nou laviktwa, grasa Senyè nou an, Jezi Kris (1 Korentyen 15:57).*

FOUYE PI FON : RANPÒTE LAVIKTWA SOU EPRÈV AK TANTASYON



Nan seksyon sa nan leson an, ou pral aprann dekouvre pisans Bondye k ap ba ou viktwa sou tantasyon. W ap aprann dekouvre tou nan ki objektif nou tante. Pran san w pou etidye pasaj Ekriti sa yo epi reflechi sou kòman ou kapab aplike yo nan lavi w.

I. BONDYE GENYEN KONPASYON

Reflechi sou tantasyon ak soufrans Jezi yo. Labib di : *Paske, sakrifikatè an chèf nou genyen an pa yon moun ki pa kapab soufri ansanm avèk nou nan feblès nou yo. Okontré, li te sibi tout kalite tantasyon menm jan avèk nou, men, san li pa t fè peche. Donk, annou pwoche bò twòn gras la avèk asirans. Konsa, n a resevwa pitye, epi n a jwenn gras pou sekoure nou lè nou bezwen l* (Ebre 4:15-16).

Eske Bondye kapab konprann eprèv ak tantasyon w yo ? Poukisa ?

Kòman sa fè w santi w lè ou kapab pote soufrans ak tantasyon w yo bay Jezi ?

Kòman nou t a dwe pwoche bò kot Bondye ak feblès nou yo ?

Si nou pwoche kot Bondye ak asirans, kisa Li pwomèt nou ?

Jezi gen konpasyon, L ap fè w dekouvre gras Li paske Li te soufri tout sa ou te ka konnen nan lavi w, e menm plis ke sa, men san L pat janm peche. Li te soufri nan denyè bout soufrans epi li ranpòte lavikta.

2. BONDYE EDE W LÈ OU TANTE

Jezi te montre nou priye : “*Pa mennen nou al anba tantasyon. Okontré, delivre nou anba Mechan an*” (Matye 6:13).

Donk, yon moun ki panse li kanpe, se pou l fè atansyon pou l pa tonbe. Nou pa resevwa okenn tantasyon ki pa ta nòmal pou moun. Men, Bondye fidèl, li p ap pèmèt anyen tante nou plis pase sa nou kapab sipòte. Okontré, ansanm avèk tantasyon an, l ap fè yon mwayen pou n soti, dekwa pou nou ka sipòte li (1 Korentyen 10:12-13).

Kisa avètisman an ye ?

Kisa ki se yon verite ki konsène tout moun lè n ap pale konsènan tantasyon ?

Ki de bagay Bondye pwomèt nan tantasyon yo :

- 1)
- 2)

3. BONDYE AP EDE W KONT FÒS ESPIRITYÈL DEMON YO

Nou p ap konbat sèlman kont fòs lezòm. W ap rankontre gwo atak ki sòti nan fòs espirityèl yo k ap batay kont Bondye. Pawòl Bondye avèti nou e li fè nou pwomès :

Pran tèt nou! Veye! Lènmi nou an, djab la, ap siyonnen nou tankou yon lyon k ap gwonde k ap chèche yon moun pou li devore. Rete fèm nan lafwa nou, kenbe tèt avèk li! Epi, konnen Bondye egzije pou frè nou yo, ki nan monn nan, pase nan menm soufrans sa yo (1 Pyè 5:8-9).

Donk, soumèt nou devan Bondye. Men, kenbe tèt ak djab la, e li va kouri devan nou. Pwoche kote Bondye, e li va pwoche kote nou. Pechè, netwaye men nou. Moun de-lide, pirifye kè nou (Jak 4:7, 8).

Bondye bay nou zam pou nou reziste anba djab la.

Paske, menm si se nan yon kò chè n ap mache, se pa dapre lachè n ap konbat. Paske, se pa ak zam lèzòm n ap konbat, men, grasa Bondye, se ak zam ki ase pisan pou kraze fòtrès. Nou kraze rezònman ak tout pretansyon ki anpeche moun konnen Bondye. Nou fè tout plan soumèt yo pou yo obeyi Kris (2 Korentyen 10:3-5).

Li vèsè sa yo ki pale konsènan zam ki gen pisans Bondye nan Efezyen 6:10-18.

Anfen, frè mwen yo, pran pisans nan Senyè a ak nan fòs kouraj li. Abiye nou ak tout zam Bondye yo, pou nou kapab kanpe fèm devan mannigèt djab la. Paske, se pa kont ni chè ni san n ap batay, men se kont chèf yo, kont otorite yo, kont fòs monn fènuwa sa a, kont lespri mechan yo ki nan syèl la. Poutèt sa, pran tout zam Bondye yo, dekwa pou nou kapab kenbe nan move jou yo, epi lè nou fini ak tout bagay, pou nou kapab kanpe fèm. Donk, kanpe fèm. Sa vle di: Mare ren nou ak sentiwon verite a. Mete kiras jistis la sou nou. Preparasyon ki nan levanjil lapè a, mete li nan pye nou kòm soulye. Apre tout bagay sa yo, pran boukliye lafwa a. Se ak li n ap kapab etenn tout flèch dife Mechan



an. Epi, asepte kas delivrans lan ak epe Lespri a, ki se pawòl Bondye a. Lapriyè tout tan nan Lespri a avèk tout kalite priyè ak demann. Veye pou nou pèsevere nan sa tout jan. Epi, priye pou tout sen yo.

Ki sis ekipman nou bezwen pou n reziste anba fòs mal la, e ki wòl chak ekipman sa yo ?

- 1) Senti - laverite
- 2)
- 3)
- 4)
- 5)
- 6)

Kòman pasaj la aprann ou priye ?

4. BONDYE GEN YON OBJEKTIF

Lè lafwa nou nan Bondye kwaze eprèv, nou toujou mande **poukisa ? Kote Bondye ?**



Anpil reliyyon eseye esplike soufrans. Pièce laidan yo kwè soufrans makonnen ak sa moun fè ki pa bon. Nan istwa Jòb, li te rankontre yon gwo eprèv nan lafwa l. Twa zanmi vin wè li e yo akize l kòmkwa se yon bagay li fè ki pa bon ki lakoz sa, paske yo kwè Bondye pini move moun sèlman. Men se pa vre. Bondye pa toujou aji konsa. Pafwa move bagay rive bon moun. Se pa tout echèk ki sòti dirèk dirèk nan erè nou fè. Anpil fwa sa sòti nan kèk sitiayson ki pa anba kontwòl nou.

Annayiti, anpil moun pratike Vodou nan lide pou yo dekouvri ki rezon ki fè y ap soufri, pou yo jwenn soulajman, epi chanje sò yo, sitou nan kesyon maladi oswa delivrans anba yon move lespri k ap toumante moun. Anpil moun kwè moun konn soufri akoz yo fè lwa yo fache, osnon paske yo pa ofri sakrifis lwa yo mande a. Genyen lòt moun ki pè pou se pa lespri ki la anba anba, osnon kèk malediksyon ki kanpe sou wout lavi yo, e ki se rezon move chans yo.

Soufrans ou yo oswa maladi w yo pa gen rapò ak kèk seremoni ou pat rive fè osnon paske ou fè lwa fache, osnon ankò paske ou mete kèk move lespri ankolè akoz ou te pile kèk poud majik, oswa ou te touche yon wanga. E se pa yon bagay fetich ou t a kapab mete sou ou k ap kapab proteje w vre.

Bondye pran eprèv ak tantasyon nou yo epi li sèvi ak yo pou pi gwo objektif li genyen pou nou. Pawòl Bondye di nou eprèv ou yo dwe sèvi pou fèw vin pi fò e pi pirifye. Eprèv la pa la pou fèw echwe. Pou ou konprann kòman Bondye sèvi ak soufrans ou yo pou yon bagay ki pi gran, li Jak 1:2-4.

Frè mwèn yo, lè nou tonbe nan divès kalite eprèv, konsidere sa tankou yon lajwa total. Paske, nou konnen lè eprèv teste lafwa nou, rezulta a se andirans. Men, fòk andirans lan fè yon travay total pou nou ka total, toutantye, san manke anyen.

Lè ou rankontre eprèv kisa ou ta dwe fè ?

Lè lafwa w rankontre eprèv kisa sa genyen kòm rezulta ?

Pèseverans se lè ou kontinye fè efò pou reyalize yon bagay malgré difikilite, obstak, echèk, opozisyon, osnon reta. **Kisa ki se rezulta pèseverans ?**

Vèsè sa yo ou pral wè yo, yo esplike kòman Bondye travay nan soufrans nou yo.

E, se pa sa sèlman. Okontré, nou nan lajwa, menm nan tribilasyon. Paske, nou konnen tribilasyon donnen andirans. Andirans, li menm, donnen espèryans. Epi, espèryans donnen espérans. Men, espérans lan pa fè nou wont. Vrèmanvre, lamou Bondye gaye nan kè nou grasa Lespri Sen Bondye te ban nou an (Women 5:3-5).

E, nou konnen Bondye fè tout bagay travay ansanm pou byen moun ki renmen l yo, moun li te rele dapre plan l yo (Women 8:28).

REFLECHI: *Eske ou ka sonje yon fwa kote Bondye te chanje soufrans ou pou l tounen byen ? Eske ou kapab reflechi sou ki lesyon ou te aprann nan eprèv la ?*

JWENN KOURAJ AK FÒS NAN PWOMÈS BONDYE YO



Pawòl Bondye a genyen gwo kokenn chenn pwomès k ap ba ou kouraj ak fòs lè ou teste nan eprèv. Women 8 se youn nan pasaj ki plis ranfòse asirans. Li pasaj sa a epi ekri kèk ti nòt konsènan pwomès li genyen yo.

Paske, mwen konsidere soufrans nan tan kounye yo pa merite pou yo ta konpare yo avèk glwa, Bondye pral revele nan nou an... E, se pa sa sèlman. Okontré, menm nou menm ki genyen Lespri a kòm premye-fwi-lamwason, nou menm tou, n ap plenn nan kè nou, n ap tann adopsyon an, redanmsyon pou kò nou. Vrèmanvre, se avèk esperans nou sove. Men, yon esperans nou wè, se pa yon esperans ankò. Paske, poukisa pou yon moun espere yon bagay li déjà wè? Men, si nou poko wè li, n ap espere li, n ap tann li avèk pèseverans.

E, menm jan an tou, Lespri a ede nou nan feblès nou yo. Paske, nou pa konnen kijan pou nou lapriyè sou jan sa dwe ye. Men, Lespri a, li menm, li plede pou nou avèk soupi, yon jan pawòl pa kapab esplike. Men, sila ki egzamine kè moun nan, li konnen tandans Lespri a, paske, se jan Bondye vle l la li plede pou sen yo.

E, nou konnen Bondye fè tout bagay travay ansanm pou byen moun ki renmen l yo, moun li te rele dapre plan l yo. Paske, moun li te konnen davans yo, li te deside davans tou pou yo menm jan ak pòtre Ptit li a, dekwa pou Ptit la kapab yon Premye-Ptit pamil anpil frè. E, moun li te chwazi davans pou yo konsa yo, se yo menm tou li te rele. E, moun li te rele yo, se yo menm tou li te jistifye. E, moun li te jistifye yo, se yo menm tou li te glorifye.

Donk, kisa nou va di de bagay sa yo? Èske nou va di: "Si Bondye pou nou, kilès ki kont nou?" Li pa t refize pou li livre Ptit li a ditou. Okontré, li te livre l pou nou tout. Alò, kòman pou li pa ta fè nou favè tout bagay, ansanm avèk Ptit la tou? Se Bondye k ap jistifye, kilès ki pou ta akize moun Bondye chwazi yo? Se Kris ki te mouri, kilès ki pou ta kondane yo? E, plis ankò, Kris resiste, se li menm tou ki adwat Bondye, se li menm tou k ap plede pou nou. Kisa ki pou ta separe nou avèk lamou Kris? Èske se tribilasyon, oubyen detrès, oubyen pèsekisyón, oubyen grangou, oubyen mizè, oubyen danje, oubyen epe? Se konsa sa ekri:

Poutèt ou menm, se toulejou y ap tiye nou, Yo konsidere nou tankou mouton y ap góje.

Men, nan tout bagay sa yo, nou gen plis pase laviktwà, grasa sila ki renmen nou an. Paske, mwen gen konfyans ni lanmò, ni lavi, ni zanj, ni chèf, ni pisans, ni jodi, ni demen, ni wotè, ni pwofondè, ni kèk lòt kreyasyon, yo youn pa kapab separe nou ak lamou Bondye ki nan Jezi Kris, Senyè nou an (Women 8:18, 23-39).

Ki mo ak pwomès ki te plis ede w ? Ekri yo nan espas anba a.

Vèsè 18 la di: s, "Mwen konsidere soufrans nan tan kounye yo pa merite pou yo ta konpare yo avèk glwa, Bondye pral revele nan nou an." **Kòman pawòl sa ankouraje w e rekonfòte w?**

Eske ou konn goumen pou ou jwenn pawòl lè w ap priye ? Kòman Lespri Sen an ede w lè w ap priye ?

Vèsè 31 an mande : "Si Bondye pou nou, kilès ki kont nou?" **Kòman nou fè konnen Bondye se pou nou Li ye, men Li pa kont nou ?**

Vèsè 35 la mande : "Kisa ki pou ta separe nou avèk lamou Kris?". **Eske genyen yon bagay nan lavi sa ki kapab separe w ak lanmou Bondye ?**



Ansanm ak mentò ou epi lòt disip yo, lapriyè pou nou mande Bondye dirije nou, bay nou fòs, proteje nou epi bay nou sa nou bezwen pou nou viv chak jou.

Chak jou pandan semèn sa, li | Pyè 5:7, "Lage tout tèt-chaje nou yo sou li, paske se li k ap pran swen nou."

Tradiksyon: Jean-Mario Michel

© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo fêt pou fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa,

men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.

Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt

